



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 02/11/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE EKSPANSYON AMERICAN PACKAGING LAN PRAL
AJOUTE 366 NOUVÈL PÒS TRAVAY NAN KONTE MONROE**

***Nouvo Etablisman Mezire 350,000 Pye Kare An Ap Kreye 262 Pòs Travay
Pèmanan ak 104 Pòs Travay nan Konstwisyon; Li Prezève 170 Pòs Travay Aktyèl
nan Rochester***

***Ekspansyon an Konpleman Pwogram “Finger Lakes Forward” lan – ki se Plan
Revitalizasyon Rejyon an ki Ranpòte Prim pou Devlope Ekonomi an epi Kreye
Nouvèl Opòtinite Travay***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke American Packaging Corporation (APC) te angaje nan konstwi yon nouvo izin manifakti ki pral ajoute 366 pòs travay apati 2021 nan Konte Monroe, 262 ladan yo se pral pòs travay pèmanan. Konstwisyon nouvo etablisman 350,000 pye kare an sou Beaver Road nan Vil Chili pral kreye 104 pòs travay nan konstwisyon, epi sa vle di tou ke 170 anplwaye k’ap travay aktyèlman nan izin konpayi an nan Vil Rochester yo pral rete nan travay la.

“Ekspansyon majè American Packaging lan li se yon prèv atou inik Finger Lakes yo ak nan estrateji ekonomik pwogresif nou an ki ap ankouraje inovasyon epi transfòmè ekonomi rejyonal la,” **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nan angaje nou aktivman ak sektè prive a, nan ensite kwasans, epi inogire nouvo espas, konpayi tankou American Packaging yo ap elaji operasyon yo, epi nouvo konpayi ap vin etabli nan New York, sa ki ap ranfòse ekonomi an epi kreye travay ki byen peye nan Konte Monroe ak atravè eta a.”

American Packaging te planifye inisyalman pou konstwi nouvo izin manifakti an tou pre etablisman li yo nan Iowas. Sepandan, gras a anfas Gouvènè Cuomo an sou revitalizasyon Rejyon Nò a atravè plan estratejik Finger Lakes Forward lan, menm jan ak lòt jefò sipò lokal yo, li te deside rete epi elaji nan rejyon Finger Lakes lan. Konpayi an planifye raboure tèren nan nouvo izin manifakti li an nan Konte Monroe nan kòmansman ane 2017.

American Packaging pral envesti prèske \$170 milyon nan pwojè sa, ak Empire State Development k’ap bay konpayi an jiska \$14.7 milyon atravè kredi enpo Excelsior Jobs Program lan yo ki baze sou pèfòmans, ak sibvansyon Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò yo (Upstate Revitalization Initiative). Rochester Gas and Electric (RG&E) te fasilite pwojè an nan bay konpayi an jiska \$870,000 nan finansman sibvansyon pou enfrastrikti gaz ak elektrisite. Konte Monroe te kontribiye nan antrepriz sa nan bay avantaj

ekzansyon enpo yo atravè COMIDA (County of Monroe Industrial Development Agency).

Peter Schottland, ki se Prezidan & CEO American Packaging, te deklare, “Desizyon an pou investi nan yon pwojè nivo enpòtan konsa nan Eta New York te an verite yon pwojè konplèks. Alafen, gen twa faktè ki te mennen nou nan anons entèresan sa. Premyèman, kalite etik travay nan New York li sanble anpil ak sila ki nan Midwest, ki chaje ak bon moun ki sousye anpil pou byennèt konpayi yo an. Fanmi APC aktyèl nou yo k’ap travay nan New York yo se dezyèm, epi finalman administrasyon Cuomo an te batay aktivman pou pèmèt nou reyalize investisman sa. Nou remèsye moun APC nou yo, Gouvènè Cuomo ak ekip li an poutèt yo ede nou reyalize pwojè sa ki reyèlman entèresan.”

Howard Zemsky, ki se Prezidan, CEO & Komisè Empire State Development, te deklare, “Desizyon American Packaging lan pou kontinye kwasans yo nan Eta New York se yon omaj pou opòtinite ekonomik ki disponib isit la pou konpayi yo k’ap chèche pou fè biznis yo franchi yon lòt nivo. Sou lidèchip Gouvènè Cuomo, Eta New York te amelyore yon fason konsiderab klima biznis lan, ki pote kreyasyon pòs travay ki favorize opòtinite ekonomik yo.”

Etabli an 1902, American Packaging se yon konvètisè anbalaj fleksib ki posede pa yon fanmi, epi se yon lidè ki renome nan endistri anbalaj Nò Ameriken an. Ak plis pase yon syèk eksperyans nan sèvi yon laj seri mache, American Packaging espesyalize nan fleksografi ak enprimri wotogravi, ekstwizyon miltipliye ak fim adeziv laminasyon, papye, ak fèy metal, ak fabrikasyon baliz ak sachè pou ranpli yon seri de ekzijans.

Anbalaj fleksib yo ofri avantaj anviwònmanal eksepsyonèl yo pliske li itilize mwens enèji ak mwens resous. Li se yon chwa dirab pliske li kreye plis resèt epi kite mwens konsekans, pliske li ekzije mwens kamyon sou wout yo pou fè transpò. An reyalye, APC te resevwa divès prim anviwònmanal ak dirabilite nan Iowa. Konpayi an te onore pou travay ekstraòdinè li an nan resiklaj, ekselans anviwònmanal, ak pou jefò li yo k’ap sipòte sekirite ak kontwòl danje yo.

Danny Wegman, ki se CEO Wegmans Food Markets epi Ko-Prezidan Fnger Lakes Regional Economic Development Council, te deklare, “Mwen kontan anpil dèske American Packaging te deside ogmante operasyon li yo nan zòn Rochester a. Mwen konnen an premye kisa konpayi sa pote sou tab la. Wegmans Family Charitable Foundation ap kolabore ak APC sou Center for Sustainable Packaging ki nan RIT ki okipe nan travay pou jwenn solisyon ki pral pèmèt endistri epis lan bay pwodwi nan yon fason dirab. Mèsi a Gouvènè Cuomo poutèt li travay san relach pou asire ke konpayi istorik sa rete yon pati dinamik nan fiti ekonomik rejyon an.”

RIT gen yon relasyon ki byen etabli ak American Packaging Corporation pliske APC te finansman jènerezman Center for Packaging Innovation lan ki sou kanpis lan. Finansman ki soti nan Wegmans Family Charitable Foundation lan te itilize pou etabli Center for Sustainable Packaging ki nan RIT a. Toulède sant sa yo okipe nan travay ansanm;

yonn sou kote materyè anbalaj yo, lòt la sou aplikasyon konsepsyon yo ak defans.

Joseph D. Morelle, ki se Lidè Majorite Asanble a, te deklare, “Gras a sipò Gouvènè Cuomo ak patnè nou yo nan gouvènman eta a, nou ap pote yon nouvo fòk sou fòs rejyon nou an yo pou favorize atou nou yo, tankou mendèv san parèy nou an, epi atire nouvo investisman ak travay nan rejyon an. Rochester ap transfòme pou vin yon enkibatè biznis ki kontinye bay ensitasyon pou konpayi yo ka konstwi epi devlope. Nou espere kontine patenarya sa ak sektè prive a pou pote travay ak inovasyon nan rejyon Finger Lakes lan, epi sèvi kòm yon modèl pou kwasans rejyon nò an pou ane k’ap vini yo.”

Senatè Joseph E. Robach te deklare, “Ekspansyon American Packaging lan sa vle di nouvo opòtinite pou Vil Chili ak nouvo pòs travay pou moun ki travay di nan rejyon sa. Desizyon konpayi an pou rete epi elaji operasyon li yo nan New York mete aksan sou enpòtans Finger Lakes Forward, epi kijan pwojè kreyasyon travay tankou sa yo, ap mete Eta sa sou nouvo wotè yo epi sipòte yon ekonomi ki pi djanm pou jenerasyon k’ap vini yo. Soti depi nan konstwiksyon ak ekipman, pou rive nan nouvo travay manifakti avanse yo yon fwa pwojè sa fin konplete, etablisman sa pral chanje bagay yo nan rejyon nou an.”

Senatè Eta Michael H. Ranzenhofer te deklare, “Angajman nou pou atire biznis pou vini – epi rete nan – Rejyon Nò New York lan te pèmèt vil ak vilaj yo nan rejyon sa rekeyi avantaj ekonomik yo. Nan chwazi rete epi elaji operasyon yo bò isit la nan Vil Chili, American Packaging Corporation ap ede asire fondman pou pi plis devlopman ekonomik pou tout rejyon an. Mwen espere vin temwen an pèsòn kwasans ke American Packaging pral pote nan Finger Lakes.”

Harry Bronson, ki se Manm Asanble Eta, te deklare, “Rejyon nou an te remake yon renesans nan revitalizasyon ekonomik lan nan dènye ane yo gras a konpayi tankou American Packaging, ki wè valè imans ki genyen nan devlope biznis yo an nan rejyon sa. Gouvènè Cuomo ansanm ak Kò Lejislatif la te travay san relach pou ranfòse klima biznis lan nan Rejyon Nò New York lan, epi te non sèlman travay pou atire konpayi yo vini, men tou asire ke yo rete isit la pou ane k’ap vini yo.”

Cheryl Dinolfo, ki se Chèf Ekzekitif Konte Monroe, te deklare, “Konte Monroe posede yonn nan mendèv ki pi fò yo nan eta a, epi nouvo ekspansyon sa pèmèt yo fè sa yo konn fè pi byen. Gras a lidèchip ak devouman Gouvènè Cuomo an, konpayi yo ap konsève epi kreye pòs travay yo bò isit la nan kominote nou an. Investisman sible ki entèlijans nan ti biznis yo li se yon pwensipal nan kreye yon ekonomi k’ap mache pou tout moun, epi mwen remèsye American Packaging Corporation poutèt konfyans pèmanan yo nan mendèv nou an.”

David Dunning, ki se Sipèvizè Vil Chili, te deklare, “Anyen pa ka ranplase valè bon jan travay regilye, epi jodi a nou ap konstwi sou ideyal sa nan avantaj plis pase 400 abitan Konte Monroe. Pwoteksyon 170 pòs travay yo epi kreyasyon 262 lòt an plis se yon bon nouvo pou tout rejyon an, epi mwen remèsye Gouvènè an ak American

Packaging poutèt yo fè li vin tounen yon reyalite.”

Mark Peterson, ki se Prezidan Greater Rochester Enterprise, te deklare, “Opòtinite pou favorize resous R&D yo nan Department of Packaging Science RIT an te yonn nan pakèt rezon pou ki American Packaging te chwazi pou elaji operasyon li yo nan rejyon Rochester, NY. Non sèlman kolèj ak inivèsite lokal nou yo ap fòme mendèv fiti nou yo, men tou enstitisyon sa yo bay kapital entelektyèl pou ede biznis lokal yo pwospere.”

Mark Lynch, ki se Prezidan & CEO RG&E ak NYSEG, te deklare, “Nou kontan pou nou ofri yon sibvansyon devlopman ekonomik pou sipòte investisman American Packaging Corporation lan ak nouvèl pòs travay nan rejyon Rochester a. RG&E ap travay ak patnè kominote ak leta yo pou ranfòse ekonomi Eta a nan ede nouvo biznis oswa biznis k’ap elaji yo. Sibvansyon nou an pral finanse investisman yo nan efikasite enfrastrikti ak enèjetik pou sipòte devlopman yon etablisman modèn ki pwodiktif pou American Packaging Corporation.”

Gen plis enfòmasyon sou American Packaging ki disponib [isit la](#).

Akselasyon pwogram Finger Lakes Forward

Anons jodi a vin konplete pwogram “Finger Lakes Forward”, ki se plan konplè rejyon an pou jenere kwasans ekonomik djanm ansanm ak devlopman kominote a. Eta a te investi deja plis pase 3.4 milya dola nan rejyon an depi lane 2012 pou reyalize travay preparatwa pou plan an – lè li te investi nan endistri kle yo ki enkli fotonik, agrikilti ak pwodiksyon manje, epi pwodiksyon an pwogrese. Jounen jodi a, chomaj la desann nan pi ba nivo li depi anvan Gwo Resesyon an; taks revni pèsonèl ak antrepriz yo bese; epi biznis yo ap chwazi zòn tankou Rochester, Batavia ak Canandaigua kòm destinasyon pou devlope epi investi. Kounye a, rejyon an ap akselere ak pwogram “Finger Lakes Forward” la ak yon investisman 500 milyon dola Eta a atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a, ke Gouvènè Cuomo te anonse an Desanm 2015 lan. Investisman 500 milyon dola Eta a ap ankouraje biznis prive yo pou yo investi plis pase 2.5 milya dola – epi plan rejyon an, jan li soumèt la, gen pwojè pou bay plis pase 8,200 nouvo pòs travay. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###

W’ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418